

## Kalandriye Ane Lekòl 2024 - 2025 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Sa a se kalandriye ane lekòl 2024-25 pou tout lekòl leta 3K–12 NYCDOE. Si pitit ou a nan yon lekòl prive, lekòl pawasyal, nan yon lekòl charter school, yon Sant edikasyon pou debitan NYC (NYCEEC) oswa nan yon pwogram gadri adomisil, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn enfòmasyon sou kalandriye a. Tanpri sonje bagay sa yo:

- Nan jou lè bilding lekòl yo fèmen akòz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans, tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.
- Dat pou konferans paran-pwofesè pou lekòl endividyèl kapab diferan avèk dat ki pi ba yo. Pwofesè pitit ou a ap travay avèk ou pou pran randevou pou yon konferans.
- Nan orè sa a, yo defini **lekòl primè** kòm pwogram ki gen klas kindergarten (K) jiska 8yèm ane, ladan lekòl ki gen pwogram 3-K ak Pre-K, ansanm avèk sa yo ki fini nan klas 5yèm ane. Yo defini **lekòl presegondè** kòm pwogram ki gen klas 6yèm–8yèm ane, epi yo defini **lekòl segondè** kòm pwogram ki gen klas 9yèm–12yèm ane.

DAT	JOU LASEMÈN	AKTIVITE
5 septanm	Jedi	Premye jou lekòl
12 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
19 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
26 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
3– 4 oktòb	Jedi–Vandredi	Rosh Hashanah, lekòl fèmèn
14 oktòb	Lendi	Jou eritaj italyen/Jou moun endijèn, lekòl fèmèn
1ye novanm	Vandredi	Diwali, lekòl fèmèn
5 novanm	Madi	Jou eleksyon, pa gen lekòl pou elèv
7 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
11 novanm	Lendi	Veterans Day, pa gen lekòl
14 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
21 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
22 novanm	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K–12 ak 612; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
28–29 novanm	Jedi–Vandredi	Vakans Thanksgiving, pa gen lekòl
24 desanm – 1ye janvyè	Madi–Mèkredi	Vakans Ivè, pa gen lekòl

20 janvye	Lendi	Fèt Rev. Dr. Martin Luther King Jr, pa gen lekòl
21–24 janvye	Madi - Vandredi	Egzamen Regents
27 janvye	Lendi	Jou fòmasyon pwofesyonèl; pa gen lekòl pou elèv ki nan lekòl segondè ak lekòl 6–12, gen lekòl pou tout lòt elèv
28 janvye	Madi	Sèmès prentan kòmanse
29 janvye	Mèkredi	Nouvèl ane dapre lalin ( <i>Lunar New Year</i> ), pa gen lekòl
17–21 fevriye	Lendi–Vandredi	Vakans mwaye Ivè: lekòl fèmèn
6 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè ak nan ak Sant Pre-K; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
13 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
20 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
21 mas	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K–12 ak 612; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
31 mas	Lendi	Eid al-Fitr, pa gen lekòl
14–18 avril	Lendi–Vandredi	Vakans Prentan, pa gen lekòl
1ye me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
8 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
15 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
26 me	Lendi	Memorial Day, lekòl fèmèn
5 jen	Jedi	Eid al-Adha/Jou Anivèsè; pa gen lekòl
6 jen	Vandredi	Jounen klerikal; pa gen lekòl pou elèv ki nan 3-K, Pre-K, lekòl primè, lekòl presegondè, lekòl K–12, ak pwogram otonòm D75.
17–26 jen	Madi-Jedi	Egzamen Regents
19 jen	Jedi	Juneteenth, pa gen lekòl
26 jen	Jedi	Dènye jou lekòl pou elèv